

Kont Bousdetid NYC Gratis ak lajan pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl!



Tout elèv ki nan klas jadendanfan, premye ane ak dezyèm ane ki enskri nan lekòl Leta Vil New York yo, ki gen ladan yo lekòl endepandan (charter schools) ki fè pati pwogram nan, ka patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la!* Revni fanmi an ak estati imigrasyon pa gen anyen pou wè ak elijibilite yo. Timoun ki elijib yo enskri otomatikman sof si paran yo oswa responsab legal yo chwazi pa patisipe.

Elèv yo resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis ki gen \$100 alokasyon inisyal sou li. Gen opòtinite pou w resevwa plis lajan pou kont piti ou a tank tan ap pase.** Òganizasyon yo, antrepriz yo, ak vwazen yo ka bay lajan pou kontribiye ak gwoup Kont Bousdetid NYC yo atravè Bousdetid Kominotè yo.

Yo ka itilize lajan ki nan kont sa a pou peye yon varyete depans pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl tankou eskolarite, frè ak liv lekòl. Pou Kont Bousdetid NYC pitit ou a:

- Ou pa bezwen depoze lajan sou li
- Ou p ap gen pou w bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN), yon Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN), enfòmasyon kont labank ou ni kat kredi w.



Jwenn plis enfòmasyon:

- Pale ak lekòl pitit ou a
- Rele liy dirèk NYC Kids RISE la nan 833-543-7473 pou jwenn enfòmasyon nan lang pa w
- Ekri yon imèl bay info@nyckidsrise.org
- Vizite nyckidsrise.org

NYC Kids RISE jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a nan patenarya avèk Lekol Leta Vil Nouyòk (NYC Public Schools) la ansanm ak Vil Nouyòk la.

*Tout elèv ki nan klas jadendanfan jiska klas senkyèm ane nan 39 lekòl pilòt yo nan rejyon Distri 30 yo elijib pou yo patisipe.

**Paran ak responsab legal timoun ki nan jadendanfan, ak lòt elèv ki elijib ki nouvo nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ane sa a, ap anmezi pou yo aktive epi verifye Kont Bousdetid NYC pitit yo a apati mwa janvyè.